

## Depatman Sante nan Vermont Dezyèm Dòz Vaksinasyon pou COVID-19 la Fòmilè Konsantman

Non Pasyan an: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_\_

**Pibliye pa Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC):**

### Entèchanjablite pwodwi vaksen pou COVID-19 la

Ou ka itilize tout aktyèl vaksen pou COVID-19 ke FDA a otorize lè sa endike; ACIP pa deklare preferans pou yon pwodwi. Sepandan, vaksen pou COVID-19 yo **pa** entèchanjab. Yo pa te evalye sekirite ak efikasite vaksen ki genyen seri pwodwi melanje. Toude dòz seri yo ta dwe fèt avèk menm pwodwi a.

Nan sitiyasyon eksepsyonèl kote yo bay pwodwi vaksen ARNm pou premye dòz la pa ka detèmine oswa pa disponib ankò, tout vaksen ARNm pou COVID-19 la kapab administre nan yon entèval minimum 28 jou ant dòz yo pou fini seri vaksinasyon ARNm pou COVID-19 la. Nan sitiyasyon kote menm pwodwi ARNm pou vaksen an tanporèman disponib, li preferab pou retade dezyèm dòzla (jiska 6 semèn) pou resevwa menm pwodwi a pase o se resevwa yon seri melanje pandan w ap itilize yon vaksen ki diferan. Si toude dòz nan pwodwi vaksen ARNm pou COVID-19 yo administre nan sitiyasyon diferan (oswa aksedantelman), yo pa rekòmande okenn lòt dòz anplis nan okenn nan vaksen yo nan moman sa a. Yo konsidere moun sa yo kòm moun ki resevwa tout vaksen kont COVID-19 la  $\geq 2$  semèn aprè yo fin resevwa dezyèm dòz nan yon vaksen ARNm.

Yo pa te etabli sekirite ak efikasite vaksen Janssen pou COVID-19 ki administre aprè yon vaksen ARNm pou COVID-19 la. Sepandan, nan sitiyasyon limite, sitiyasyon eksepsyonèl kote pasyan an te resevwa premye dòz nan yon vaksen ARNm pou COVID-19 epi li pa anmezi pou fini seri yo avèk swa menm vaksen an oswa yon lòt vaksen ARNm pou COVID-19 (tankou akòz kont-endikasyon), yo kapab konsidere yon sèl dòz nan vaksen Janssen pou COVID-19 la omwen nan entèval 28 jou apati dat dòz vaksen ARNm pou COVID-19 la. Pasyan ki resevwa vaksen Janssen pou COVID-19 la aprè yon dòz nan vaksen ARNm pou COVID-19 la ta dwe konsidere kòm moun ki e resevwa yon vaksen Janssen ki valid, ki genyen yon sèl dòz-se pa yon seri vaksinasyon melanje-epi yo konsidere yo kòm moun ki e resevwa tout vaksen kont COVID-19 la  $\geq 2$  semèn aprè yo te resevwa yon sèl dòz nan vaksen Janssen nan.

- **Mwen te enfòmè pèsònèl klinik la de sa mwen kwè ki se vrè pwodwi vaksen pou COVID-19 la ak sa ki egzat la mwen (oswa pasyan ki anwo a) te resevwa l kòm premye dòz (ki enkli Pfizer-BioNTech, Moderna).**
- **Mwen te enfòmè pèsònèl klinik la de sa mwen kwè ki se vrè pwodwi vaksen pou COVID-19 la ak sa ki egzat la mwen (oswa pasyan ki anwo a) te resevwa l kòm premye dòz nan vaksen pou COVID-19 la.**
- **Mwen konprann ke Depatman Sante Vermont lan ak klinik vaksinasyon sa a pa anmezi pou verifiye egzaktitud dòz vaksen mwen (oswa pasyan ki anwo a) te deja resevwa a (i.e. Pfizer-BioNTech, Moderna).**

**Depatman Sante nan Vermont**  
**Dezyèm Dòz Vaksinasyon pou COVID-19 la**  
**Fòmilè Konsantman**

- Mwen te li materyèl ki anwo a de Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC) konsènan entèchanjablite pwodwi vaksen pou COVID-19 la ki pale konsènan chanjman tip vaksen ki resevwa nan yon dezyèm dòz.
- Mwen konprann ke yo te etidye epi detèmine sekirite ak efikasite lè mwen resevwa de tip vaksen diferan pou COVID-19 (tankou, resevwa Moderna a kòm yon premye dòz epi Pfizer-BioNTech a kòm yon dezyèm dòz).

**Siyati Pasyan an:** \_\_\_\_\_

**Dat Fòmilè Konsantman an Siyen:** \_\_\_\_\_

**Siyati Paran/Gadyen Legal\* (si pasyan an genyen mwens pase 18 lane)**

\_\_\_\_\_  
\*Si se yon minè ki nan detansyon, yo egzije siyati yon reprezante otorize.

**Non Paran/Gadyen Legal (tanpri ekri w an gwo karaktè):**

\_\_\_\_\_

**Nimewo Telefòn Lajounen pou Paran/Gadyen Legal\*\*:** \_\_\_\_\_

\*\*Si paran/gadyen legal la p ap prezan nan klinik lan.